

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab téh dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat atawa signifikansi panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, sarta ambahan panalungtikan.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salian pikeun alat komunikasi vérbal, basa ogé miboga fungsi pikeun ngagambarkeun kaayaan sosial jeung budaya manusa. Tegesna mah basa téh kalungguhanana lain ngan saukur dipaké pikeun alat komunikasi wungkul, tapi ogé jadi idéntitas hiji kabudayaan atawa kelompok sosial (Santoso, 2017). Saperti contona, basa Sunda mangrupa basa nu digunakeun ku urang Sunda dina komunikasi sapopoé. Salian minangka alat komunikasi vérbal urang Sunda, basa Sunda ogé miboga kalungguhan jadi salah sahiji cicirén jati diri urang Sunda.

Dina ngagunakeun hiji basa minangka alat komunikasi vérbal, individu atawa kelompok masarakat téh miboga sikep sorangan kana basa nu digunakeunana. Aya nu miboga sikep positif, aya ogé nu miboga sikep négatif. Patalina sikep masarakat jeung basa téh diulik dina paélmuan sosiolinguistik. Élmuan sosiolinguistik téh nyaéta salah sahiji cabang tina élmuning basa, anu mangrupa élmu antar disiplin antara élmuning basa jeung élmu sosiologi. Dina élmu sosiolinguistik téh diulik sababaraha hal nu patali jeung larapna atawa makéna basa dina kahirupan sosial masarakat. Hal-hal nu diulik téh ngawengku tindak tutur, ragem jeung variasi basa, campur kodeu, alih kodeu, pemertahanan basa, jeung sikep basa (Chaer jeung Agustina, 2004). Sikep basa téh nyaéta sakumna paripolah ngeunaan prak-prakan makéna basa, nu patali jeung sikep sarta dipangaruhan ku kaayaan méntal jeung parasaan panyatur, nu dicirian ku kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran (Palupi, 2015). Anderson (dina Chaer jeung Agustina, 2004:151), nétélakeun sikep basa téh nyaéta tata kayakinan atawa kognisi nu rélatif dina jangka panjang, anu sabagéan

ngeunaan basa jeung obyékna, sarta nu méré kacenderungan ka hiji jalma pikeun méré réaksi ku hiji cara nu dipikaresepna.

Mueller jeung Kartawidjaya (dina Warsiman, 2014:46-47), nétélakeun sikep basa téh miboga sababaraha ciri. Éta ciri-ciri téh nyaéta sikep basa miboga sipat pikeun éksprési diri; bisa robah; obyékna mangrupa basa; dipaké dina komunikasi sapopoé; dipangaruhan ku interaksi jeung kaayaan sosial; aya dina skala antara positif jeung négatif, atawa ogé skala antara resep jeung teu resep; mangrupa jawaban nu rusiah; hiji léngkah saméméh paripolah makéna basa; sipatna bisa individu atawa koléktif; jeung sumberna tina sistim ajén kabudayaan.

Sacara umum sikep masarakat kana hiji basa téh kabagi dua, nyaéta positif jeung négatif. Éta sikep téh dipangaruhan ogé ku karesep, kamampuh, jeung ogé kaayaan sabudeureun panyatur atawa masarakat nu ngagunakeun basa. Garvin jeung Mathiot (dina Chaer jeung Agustina, 2004:152), nétélakeun tilu ciri utama sikep basa dipiboga ku individu atawa kelompok masarakat. Éta tilu ciri téh ngawengku kasatiaan basa (*language loyalty*), kareueus basa (*language pride*), jeung kasadaran kana ayana norma basa (*awareness of the norm*).

Kasatiaan basa (*language loyalty*) téh mangrupa sikep nu ngarojong masarakat pikeun mertahankeun basa nu digunakeunana, sarta nyegah ayana pangaruh tina basa séjén nu asup kana basa nu digunakeunana. Sedengkeun, kareueus basa (*language pride*) mah mangrupa sikep nu ngarojong masarakat pikeun mekarkeun basa nu digunakeunana jeung ngagunakeun éta basa minangka idéntitasna. Ari kasadaran kana ayana norma basa (*awareness of the norm*) téh mangrupa sikep nu ngarojong individu dina hiji lingkungan masarakat pikeun ngagunakeun basana sacara taliti jeung santun, sarta mangrupa faktor nu gedé pisan pangaruhna kana makéna basa (*language use*).

Kota Bandung téh nyaéta ibukota propinsi Jawa Barat, anu miboga jujuluk *ibukota Priangan*. Masarakat nu dumuk di Jawa Barat, hususna kota Bandung téh réréana urang Sunda. Ngan, mungkin dieu jaman mungkin maju jeung ogé mungkin réa jalma ti luar nu nganjrek di kota Bandung. Ku kituna, salaku urang Sunda tangtu baé kudu bisa tur biasa ngagunakeun basa Sunda dina komunikasi sapopoé, di tengah kamajuan jaman jeung kamekaran arus globalisasi. Teu ngan saukur

ngagunakeun basa Sunda dina komunikasi sapopoé wungkul, tapi ogé kudu miboga rasa satia, reueus, sadar kana (ayana norma) basa Sunda.

Di kota Bandung téh réa pisan barudak ngora nu dumuk atawa nganjrek. Ieu hal téh kusabab réa pisan sarana jeung prasarana nu disadiakeun ku pamaréntah kota Bandung pikeun ngarojong kagiatan barudak ngora di mangrupaning widang, salah sahijina nyaéta dina widang atikan saperti sakola. Barudak ngora atawa nonoman téh nyaéta jalma nu miboga tanggung jawab dina nuluykeun adat, kabiasaan, jeung ogé kabudayaan karuhunna. Barudak ngora ogé miboga pancén pikeun ngaraksa tur ngariksa kabudayaan bangsana dina mangsa modéren. Contona baé nonoman Sunda, nu miboga pancén jeung tanggung jawab pikeun ngaraksa tur ngariksa basa jeung budaya Sunda dina mangsa modéren saperti jaman ayeuna. Nonoman téh réa pisan golonganana, salah sahijina nyaéta golongan pelajar saperti siswa SMA.

Jaman ayeuna, réa nonoman Sunda ti golongan siswa SMA di kota Bandung anu teu pati maké tur maliré kana basa Sunda salaku basa indungna. Ieu hal téh bisa jadi ku lantaran kapangaruhan ku kamekaran jaman. Salian ti éta, nonoman Sunda jaman ayeuna téh rumasa géngsi atawa éra pikeun maké basa Sunda. Réa nonoman Sunda nu nganggap, yén lamun maké basa Sunda di jaman ayeuna téh sok dianggap jalma *kuno* jeung *kampungan*. Tatapina, masih kénéh réa ogé siswa SMA nu ngagunakeun basa Sunda dina komunikasi sapopoéna, sok sanajan mung sabagéan jeung tina wangun kekecapanna ogé kekecapan nu aya dina mangsa ka béh dieunakeun. Ieu hal téh ku lantaran éta sabagéan siswa miboga kasadaran, yén dirina téh urang Sunda anu boga basa indung sorangan. Éta basa indung téh geus sakuduna dipaké, diraksa, diriksa, jeung dimumulé. Pikeun ngalakukeun éta hal, tangtuna baé kudu dibarengan ku sikep basa Sunda nu hadé.

Ku kituna, dumasar kana hal nu ditétélakeun dina sababaraha paragraf saméméhna ieu panalungtikan téh dilakukeun. Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun maluruh sikep basa Sunda siswa SMA di jaman ayeuna. Sikep nu dipaluruh dina ieu panalungtikan téh dumasar kana tiori nu ditétélakeun ku Garvin jeung Mathiot, nyaéta sikep kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran (kana ayana norma) basa. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dilakukeun pikeun maluruh faktor-

faktor nu mangaruhan sikep basa Sunda nu dipiboga ku siswa SMA di jaman ayeuna.

Panalungtikan ngeunaan sikep basa téh geus dilakukeun saméméhna ku sababaraha panalungtik. Di antarana baé ku Muliana, spk. (2021) nu judulna “Sikap Positif Para Remaja di Desa Buduk Kecamatan Mengwi Kabupaten Badung terhadap Bahasa Bali”; Dapubeang, spk. (2022) nu judulna “Sikap Bahasa Generasi Muda Etnis Sulawesi di Desa Balauring terhadap Bahasa Kedang”; Gumiar (2022) nu judulna “Sikap Bahasa Warganet terhadap Konten Digital Berbahasa Dayak Ngaju”; Hadiwijaya, spk. (2022) nu judulna “Sikap Bahasa Generasi Muda Jawa terhadap Ragam Bahasa Jawa Krama Madya”; jeung Indarwati, spk. (2022) nu judulna “Sikap Bahasa Masyarakat Gantarang terhadap Bahasa Konjo: Studi Kasus di Desa Benteng Gantarang”.

Panalungtikan ngeunaan sikep basa Sunda ogé geus dilakukeun saméméhna ku Yusuf (2014), nu judulna “Sikep Basa Kulawarga Dina Ngukuhan Basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung”; Anggraeni (2016), nu judulna “Sikep Anggota Paguyuban Mojang Jajaka Kabupatén Bandung kana Basa Sunda”; Wagianti, spk. (2017) nu judulna “Sikap Berbahasa Para Remaja Berbahasa Sunda di Kabupaten Bandung: Suatu Kajian Sociolinguistik”; Muttaqin (2018), nu judulna “Sikep Santri kana Bahasa Sunda (Ulikan Sociolinguistik di Asrama Putra Pasantrén Persis Tarogong Garut)”; Fitriani jeung Nabila (2019) nu judulna “Sikap Bahasa Mahasiswa Bandung terhadap Bahasa Ibu pada Era Milenial: Kajian Sociolinguistik”; Jabbar (2020) nu judulna “Sikep Da’i kana Basa Sunda (Ulikan Sociolinguistik di Pondok Pasantrén Al-Barokah Bandung)”; Junawaroh (2020) nu judulna “Sikap Kaum Muda Sunda Brebes”; Sadih (2020) nu judulna “Sikep Basa Sunda Anggota Paguyuban Aliansi Kulawarga Sunda Nusantara dina Kagiatan Kasundaan”; Puspitasari (2021), nu judulna “Sikep Basa *MC Wedding* Bandung kana Basa Sunda”.

Ieu panalungtikan téh miboga sasaran ogé bébédaanna jeung sababaraha panalungtikan nu disebutkeun dina paragraf 10 jeung 11. Sasaraanna téh aya dina hal nu ditalungtikna, nyaéta ngeunaan sikep basa masarakat, anu dina ieu kontéks mah nyaéta sikep masarakat kana basa daérah minangka basa indungna.

Sedengkeun, bébédaanna mah aya tina segi obyék nu ditalungtikna. Aya dua obyék nu jadi gurat badag minangka pangbéda tina ieu panalungtikan jeung sababaraha panalungtikan saméméhna téa. Obyék nu kahiji nyaéta rupa-rupa basa daérah nu aya di Indonésia pikeun panalungtikan saluareun basa Sunda, saperti basa Bali, Dayak Ngaju, Jawa, Kedang, jeung Konjo. Ari obyék nu kadua nyaéta sumber data atawa réspondén anu *berpartisipasi* kana laksanakan panalungtikan. Tatapina, aya sababaraha panalungtikan saméméhna anu sumber datana téh bisa disebut mirip jeung ieu panalungtikan, nyaéta panalungtikan Wagiati, spk. (2017); Fitriani jeung Nabila (2019); Junawaroh (2020); Muliana, spk. (2021); Dapubeang, spk. (2022); jeung Hadiwijaya, spk. (2022) anu sumber datana téh sacara gurat badag nyaéta barudak ngora.

Kusabab obyék nu ditalungtik dina ieu panalungtikan téh barudak sakola, kapaluruh ogé sikep dina pangajaran basa. Ieu hal téh teu kapaluruh dina sababaraha panalungtikan saméméhna nu disebutkeun, ku lantaran obyék nu ditalungtikna téh réréana lain barudak sakola jeung leuwih fokus nalungtik sikep basa masarakat sacara umum.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan nu dipedar dina bagéan 1.1, aya sababaraha masalah anu diidéntifikasi jeung dirumuskeun dina ieu panalungtikan.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang dina bagéan 1.1, masalah nu diidéntifikasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun dua hal ieu di handap.

- a. Sikep basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI dumasar kana tilu aspék, nyaéta kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran (kana ayana norma) basa.
- b. Faktor-faktor nu mangaruhan sikep basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana dua hal nu diidentifikasi di bagéan 1.2.1, dirumuskeun opat rumusan masalah anu ditalungtik dina ieu panalungtikan. Anapon opat rumusan masalah téh dirumuskeun ku opat kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha sikep kasatiaan basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI?
- b. Kumaha sikep kareueus basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI?
- c. Kumaha sikep kasadaran kana ayana norma basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI?
- d. Naon baé faktor-faktor nu mangaruhan sikep basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dilakukeun pikeun ngahontal sababaraha tujuan anu kabagi jadi dua rupa, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina dilakukeunna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun maluruh sikep basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh dilakukeun pikeun ngadéskripsikeun:

- a. sikep kasatiaan basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI;
- b. sikep kareueus basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI;
- c. sikep kasadaran kana ayana norma basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI; jeung
- d. faktor-faktor nu mangaruhan sikep basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI.

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

Sabada dilakukeun, ieu panalungtikan téh dipiharep miboga sababaraha mangpaat anu kabagi jadi dua rupa, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Ieu panalungtikan téh dipiharep miboga mangpaat pikeun dijadikeun référénsi nu bisa dimekarkeun deui jadi élmu pangaweruh, hususna dina widang basa, sosial-budaya, jeung sacara teu langsung ogé dina widang pangajaran basa. Sarta, hasil tina ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun salah sahiji bahan atawa sumber référénsi pikeun panalungtikan nu baris dilakukeun ka hareupna.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sabada ieu panalungtikan dilakukeun, nu nalungtik miharep sangkan ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat, di antarana:

- a. pikeun nu nalungtik, sangkan nambahan pangalaman dina hirup kumbuh jeung masarakat katut ogé nambahan élmu pangaweruh hususna dina widang basa, sosial-budaya, jeung sacara teu langsung dina widang pangajaran basa;
- b. pikeun nu nalungtik ka hareupna, sangkan bisa dijadikeun bahan nu bisa dimekarkeun deui jadi élmu pangaweruh, jeung jadi sumber rujukan dina panalungtikanana; sarta
- c. pikeun masarakat, dipiharep sangkan bisa dijadikeun panginget, yén penting pisan dina ngaraksa tur ngariksa basa anu jadi cicirén jati diri urang, nyaéta basa Sunda.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh aya dina ambahan panalungtikan basa. Ulikan nu digunakeun minangka péso analisis dina ieu panalungtikan téh nyaéta ulikan sosiolinguistik, anu mangrupa élmu antardisiplin antara élmu sosilogi jeung élmu linguistik (élmu kabasaan). Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan déskriptif kualitatif, anu datana salian dina wangun angka, tapi dina wangun kekecapan, boh lisan, tulisan, atawa ogé barang, anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangking ma'na tina hal anu ditalungtik (Arikunto, 2013).

Data dina ieu panalungtikan téh mangrupa hasil tina angkét anu dieusian ku réspondén jeung wawancara nu dilakukeun ku narasumber. Sabada dikumpulkeun, data nu dicangking tina ngeusian angkét jeung ngalakukeun wawancara téh diolah ku cara dirékapitulasi, ditabulasi, diitung, dianalisis, didésripsikeun, tuluy ditafsirkeun. Sabada diolah, hasil panalungtikan dilaporkeun dina wangun skripsi anu ngawengku lima bab.

Bab I (hiji) ngeunaan bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

Bab II (dua) ngeunaan ulikan pustaka, anu eusina ngulik tur medar ngeunaan paélmaan sociolinguistik jeung sikep basa.

Bab III (tilu) ngeunaan métodeu panalungtikan, anu eusina medar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV (opat) ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan, anu medar ngeunaan sikep kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran (kana ayana norma) basa Sunda nu dipiboga ku siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI, sarta faktor-faktor nu mangaruhanana.

Bab V (lima) ngeunaan kacindekan hasil tina panalungtikan nu geus dilakukeun, anu sacara gurat badag ngajawab rumusan masalah nu dirumuskeun dina bab I (hiji), ogé medar saran jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.